

## ABSTRAK

Panalungtikan ieu diayakeun di kelas XI IPS 1 di SMA Pasundan 2 Bandung anu beralamat di Jl. Cihampelas No. 167, Cipaganti, Coblong, Bandung, Jawa Barat 40131, kalawan judul **Pangaruh *Instagram* Kanu Hasil Diajar Siswa Kelas XI IPS 1 Di SMA Pasundan 2 Bandung** (Survey Dina Palajaran Ekonomi kalawan materi Pangwangunan sareng Pertumbuhan Ekonomi Taun Ajaran 2017/2018).

Rumusan masalah dina panalungtikan ieu nyaéta, Pangaruh *Instagram* dina palajaran ekonomi di kelas XI IPS 1 SMA Pasundan 2 Bandung, Kumaha hasil diajar siswa dina palajaran ekonomi kalawan materi pangwangunan sareng pertumbuhan ekonomi di kelas XI IPS 1 SMA Pasundan 2 Bandung, Kumaha pangaruh média sosial ka hasil diajar siswa dina palajaran ekonomi kalawan materi pangwangunan sareng pertumbuhan ekonomi di kelas XI IPS 1 SMA Pasundan 2 Bandung, hipotesis dina panalungtikan ieu nyatakeun: **“Aya Pangaruh na *Instagram* Ka Hasil Diajar Siswa Dina Palajaran Ekonomi Kalawan Materi Pangwangunan Sareng Pertumbuhan Ekonomi Di Kelas XI IPS 1 SMA Pasundan 2 Bandung”**.

Kanggo ngabahas perumusan masalah ieu, panalungtikan ieu ngagunakeun padika panalungtikan asosiatif kausal kalawan pendekatan kuantitatif, sareng ngagunakeun téhnik pengumpulan data anu mangrupi lambar observasi sareng angkét.

Hasil kénging itungan sareng pangolahan data ngahasilkeun angka  $R=0.229$ . Hasil ieu nunjukeun yén lumangsung hubungan *Instagram* kanu hasil diajar siswa. Kontribusi anu dihaturkeun ku variabel *Instagram* lamun ditingal tinu  $R$  Square-na nyaéta ngaruh saalit. Dumasar tabel di luhur ngahasilkeun  $R$  Square 0,052 anu hartina pangaruh *Instagram* sa-ageung 5, 2% saleuwihna dipangaruhan ku faktor anu sanés, boh éta pangaruh lingkungan atanapi ku diri siswana.

Minangka ahir panalungtikan ieu panulis ngawejangkeun ka SMA Pasundan 2 Bandung, supados para guru leuwih ngarahkeun siswana kumaha carana nganggo *Instagram* anu kalawan saé, sareng kedah tiasa negur siswana anu nganggo *Instagram* dina kagiatan diajar. Guru ogé kedah mengemas saban materi pangajaran supados langkung metot sareng komunikatif kanggo siswana supados tiasa ngurangan inténsitas pamakéan *Instagram*.

**Kata Kunci:** Hasil Diajar, Materi Pangwangunan Sareng Pertumbuhan Ekonomi, Média Sosial *Instagram*.